**RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI**

**Sag-Mbokkoo-Yoon**

**Njëwriñ gi yore koppari réew mi**

# Gafaka doomi réew mi

# 2024



# RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

## Sag-Mbokkoo-Yoon

## Njëwriñ gi yore koppari réew mi



« Jafe-jafe yee faagaagal, yi lëmbale adina bi ak anam wi ñu fi fekkoon ci wàllu kom-kom, nekkinu askan ak politik, terewuñu ñeeti at yii mujj, nu am jeexital yu am solo, ndax li ci ku nekk ci yeen def loxoom.

Am nanu dal ak kaaraange, sunu nekkin ci kom-kom dal na xel mandarga yi ëpp solo, wone nañu màndaxe ci koom, koolute ñi nuy jàppale gënna nu dalal, te yi nu seenu yepp wone nañu manin yu rëy ci jëmmal yi ci sunu kanam, rawatina mebat yu rëy yi ñuy jëmmal ak gaas bi nga xam ni soreetul ñu tàmbali di ko jaay bitim réew.»

Waxi njitu Réewum Lislaam bu Muritani Mohamed Oul Cheikh Ghazouani ci bi ñuy màggal .moom sunu bopp 28/11/2023

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Gafaka doomi réew mi

Gafaka doomi réew mi ab kayite la, buy tank te leeral ci anam yu woyaf, xelu te yomb, xibaar yi ëpp solo ci gafaka gi, doomi réew mi soxloko, ngir jamale kanam jal sa matukaay ci demokaraasi ,te yakkati ay laaj ci yorinu alali réew mi, niiñu kay jëfandikoo, ak yokkute ci tëralin jëf nguur gi.

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Xaalat bi lal

Gafaka gi mooy xayma lepp luy genn ak di dugg ci ala li réew mi ci at mee ñow, di wonee jëmuy kom-kom ak koppari nguur gi.

Day nekk kayitu saytu lim (xayma lepp luy dugg ak luy genn) ak kayitu politik (pencum ndawi réew mi nangu ka , joxe ci ndigal).

Yoonu koppar yi : xëtu yoonal wu parlemaŋ bi nangu at mu nekk, mu ëmb ci yenn ci matukaayam mboolem yi tegu ak yi diggu ci nguur gi.

### Kom-Kom

Jot ci njëg yi gëna yomb, bepp njureef gu amal askan wi njëriñ

01

### Njëriñ

Wóoral ni, li am dëppoo na ak jëmu yi ñu waxoon

02

### Njëriñ lu wóor

Wóoral teg loxo bepp dayo njureefu banqaasu réew mi

03

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI
Sag-Mbokkoo-Yoon
Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Anami yooni koppar

## 01 Yoonu koppari at mi

Yooni koppar yi dañuy duggal te maye ci at mu nekk, ci benn kayit mboolem yee dugg ak yi tegu ci nguur gi, di leeral anam wi, dayo bi, ak fi ñu ka jëmele,ak itam màndaxe gafaka gi ak koppar yi joggee ci biir leppi politik bu nguur gi amal.

## 02 Yoonu koppar yee defaraat

Yooni koppar yee defaraat, dañuy soppi matukaayi koppar yi ci at mi. Dañuy nangu doxalinu xaalis bi, ci at mi ñu nekk


## 03 Yoonu yoonal

Yoonu yoonal mooy taxawal saytu limu gafaka gi ak leppi saytu lim ci at mi ñuy seet, ganaaw bi êttu cambar gafakay réew mi joxee xalaatam, ci mbaax ak dëggu lim yi ak seen dëppook gafaka gi ñu jëmmal, ci gafaka gi ñu wote.

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI
Sag-Mbokkoo-Yoon
Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Gafaka Réew mi

**Gafaka réew mi, ëmb na leppi gafaka, gafaka yi ñu ci toftal (BA) ak sáq yi ñu ràññee ci baytilmaal (CST).**




Activer '

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Yi dugg ci gafaka gi

- Yi Joge ci, yi nguur gi teg, mu ëmb limpo yi, yi ñu war fay , aq yi, ak yenneen yi ñuy jël ak ni mu mêna doon ·
- Alal yi joge ci moomeel, muy xaalis am deet bu nguur gi boole ci yi ñuy seddale .
- Njureefi njënd ak njaay yenn xeeti alal, yi nguur gi topp ci ñi nekk ci suufi nguur gi ak lu joge ci alamaan, daan ak nangu.
- Maye yi, donale yi, ak yi ni mel, m.w ·
- Njureef yi wuute

# Yi genn ci gafaka yi

- Alal yee genn jëm ci liggeeykat yi
- Alal yee genn ngir jënd jumtu ak yeneen
- Jeexitali koppar yi joge ci bor,ak yi ñoo jox banqaasi nguur gi
- Ndimal ak yi ñu faral joxe
- Alal yi jëm ci yaxanal
- Ndimal ak joxe ci kapital
- Yenneen genne xaalis

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

## Jox ci diir bu ñu gàppal

Jëf ji tax banqaasu nguur gi dogu jëm ci kenneen te muy indi wareef ci koppar, aju ci ku ñu jox sañ-sañ. Jox ci diir bu ñu gàppal mênul weesu gàppi ndigal yi ñu wax ci gafakagi

## Jëf ji jëm ci mpayum bor

Seet yoonalu bor wi, te wòoral dayo yi genn ci koppar yi

## Joxeb ndigal

Ndogal li joge ci dogalkat yi, mbaa ci ndaw lu am yoonal

## pay

pàcci koppar yi genn , joge ci réew mi

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Kayit yi ñuy dellu ngir defar gafaka gi

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI
Sag-Mbokkoo-Yoon
Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Doxalinu yokkute wu gaaw ak bokkaale nekkin wu neex

SCAPP 2016 -2030 jël na jëmuy yokkute wu sax wu (ODD) te sukkandiku ci dugge ñëtti ponki doxalin

.Jëmale kanam yokkute kom-kom wu am doole, matale te sax
Yokkute nit ki ak jot ci faj soxlo yi làlu yi ak yi lal dund
Degaral nguur gi ci dayoom yepp
.
Ñi ngi kay jëmal ci tëralinu juroomi at yu nekk, te ñaareel bi mungi êmb diiru 2021-2025
.

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag–Mbokkoo–Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# SAMAY DIGGE

## Jëmu yi ëpp solo

I.Nguur gu am doole, dëppook jámono nekk ci waawu askan wi

## Yi ci topp

1. Nekkinu politik bu dal ak kureel yu degar ;
2. Fesalum sunu caada lislaam ;
3. Kaarange sunu suuf ak doomi réew wu ñu aar ;
4. Doxalinu ndawal réew wu fes ànd;
5. Cayto wu am njëriŋ nekk ci waawu askan wi ;
6. Gên degaral xeex nger ak yáq .

II. Kom-kom wu degar sumb yoonu jëm kanam

**1.Kom-kom wuy jur te wuute, di gên di indi ligéey ak yokkute**

2. Yokkuteb lepp lu lal tabax te di dimali jëm kanam

**3.** 3. Kureel gu ajuwul ci nguur gi, mën xëccoo di yoonu yokkute

**4.** 4. Dëkk yu am njureef

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# SAMAY DIGGE

## Jëmu yi ëpp solo

III. Askan wuy damoo wuuteb caadaam,te juboo ci seen biir.

## Yi ci topp

1. 1. Sukkandiku ci politiku duggal sa bopp, ngir niinal wuute yi joge ci boddi askan
2. Yokkuteb suqali jigéen ñi ngir ñu bokk ci née jamale kanam réew mi
3. 3. Jàppale woy-laago yi ñu am ligéey.

IV. Jox gëdd nit kii mu nekk ci waawu yokkute

1.Njàng muy jëm kanam
2. Wergi yaram wu baax, ñepp jot ci,
3. Ligéey bu baax ngir ñepp
4. Gëm sa réew ak yaakaar ëlëg ci ndaw ñi
5. Am waxtu yokkute, wu jaar ci caada, tágat yaram ak banneex.

# RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

## Doxalinu Njiitu réew mi wu yaatu, wi mu jiital

## Jëmu yi ëpp solo

## Yi ci topp

I. Jemale kanam lepp lu lalu di jàppale yokkute

1. Yombal dem ak dikk ci réewum taax
2. Dëkk yu màg yu am kom-kom
3. Jumtu yu lalu ci xarala yu bees yi
4. Jumtu yu lal kom-komu àll bi
5. Yore ak defaraat yoon yi
6. Dooleel jumtuy ndox mi

II. Teewal lu nekkinu askan laaj te jàppale bëgg-bëgg yi

1. Gën faj aajo néew doole yi
2. Yokkute ci li wergi yaram laaj
3. Jàppale jëmmal daaray réew mi
4. Ëlëg gu neex ngir ndaw ñi

III. Yokk maana kureel yi am jureef te gëna gaawal egg ci bay dunde

1. Kureel yu am njureef te doylu
2. Yokkute ak maanaal li am ci mbay ak càmm3. cemmbingol e ɓeydugol faayiida
3. Dëgëral te maanaal mbay mi

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI
Sag-Mbokkoo-Yoon
Njëwriñ gi yore koppari réew mi

## Doxalinu Njiitu réew mi wu yaatu, wi mu jiital


| Jëmu yi ëpp solo | Yi ci topp |
| --- | --- |
| IV. Jàppale kureel yi ajuwul ci ngur gi (yi defaru ak yi defarawul) | 1. Matukaayi jàppale ngir dekku jeexitali (covid 19)<br>2. Matukaayi jàppale ñee mal ligéeyuwaay<br>3. Matukaay jàppale wut xëy |
| V. Jëmbat garab ak amal ligéey yu ormaal wurum (nëtax) | 1. Wàññi gor garab te wóoral njëmbat ak yorin wu sax<br>2. Yokk am xalaat yu bees<br>3. Wàññi salaax su bare te yokk yorin ak jëriñoo mbalit yi ci réewum taax yi |
| VI. Yorin ak jëmmal doxalin wi | |

# RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

## Sag-Mbokkoo-Yoon

## Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Gafaka réew mi 2024



RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Yi ñu seenu ci yoonu koppar yi

Mebati yooni koppar yi 2024 mungi sukkandiku ci yii ñu seenu


- **Seenub yokkute bu 5,6% ci 2024 , suñu ka mengaleek 4,2% ci 2023**
- **Wáññeekub gafaka wu kenn mënul dindi ñu seenu ka ci 5,3% ci (PIB) suñu ka mengaleek 6,1% ci 2023**
- **Yokkuteb njëg yu yàgg ci réew mi ñu seenu ka ci 7% ci 2024 su ñu ka mengaleek 2023 8,7%.**

Lepp li des (t) = lepp li dugg - lepp li genn

Lepp li desandi =lepp li des + li genn ndax li ñu teg ci bor.

RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI
Sag-Mbokkoo-Yoon
Njëwriñ gi yore koppari réew mi

## Fan la alal ji ci gafaka réew mi di joge ?




Yee dugg joge ci limpo ak % 61
alamaan
Yee dugg te jogewul ci limpoo ak 21%
alamaan
may yi 7%
Yee dugg joge ci sàq yi ñu raññee 5%
Soxlo duggal koppar 6%

# Payoor yi

Payoor yi di ñanu egg 24,9% milyaar ci guyya ci 2024, muy yokkute 2,4% suñu ka mengaleek 2023.
Payoor yi ñungi tollook 44% ci yee faral di genn ak 23% ci gafaka nguur gi.
Tolloo nañu ak 38% ci yee dug joge ci limpo ak alamaan ak 6% ci njureefi biir yi kenn laalul.



# Moomeel yi

Yi ñuy gene ci koppar ngir moomeel yi war na egg 12,8 milyaar MRU ci 2024, muy wáñneeku bu mat 1,5% su ñu ka mengaleek 2023. Xaalis boobu di genn mat na 23% ci xaalis bi faral di genn ak 12% ci gafaka réew mi .Mat na itam 19% ci yee dugg ci limpoo ak alamaan, ak 3% ci njureefi biir yu kenn laalul.



RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag-Mbokkoo-Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Li ñu faral di jebal

Li ñu faral di jebal war na egg ci 15,5 miliyaar MRU ci 2024, muy wañneeku 12% su ñu ka mengaleek 2023.
Li ñu faral di jebal mat na é_% ci li ñu faral di gene ak 14% ci gafaka réew mi. Mat nañu itam 23% ci yee dugg di limpo ak alamaan ak 4% ci njureefi biir te kenn laalu ko.



# Tono yi tegu ci boru réew mi

Tono yi tequ ci boru réew mi, war nañu egg ci 3,13 milliards ci 2024 wañ̃eeku bi mat 3% suñu ka mengaleek 2023
Tono  yi tegu mat nañu 6% ci xaalis bi faral di genn ak 3% ci .gafaka nguur gi
Mu di itam 5% ci alal jee dugg joge ci alamaan ak limpo ak 1% ci .njureefi biir yu kenn laalul
Tono yi tegu ci boru bitim réew mat na 78% ci mboolem tono yi



RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI

Sag–Mbokkoo–Yoon

Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Alal yee genn ci yaxanal

Alal yee genn ci yaxanal war nañu mat 43,4 milliyar MRU ci 2024, muy yokkute 5% suñu ka mengaleek 2023.
Alal yee genn ci yaxanal mengoo nañu ak 40% ci gafaka réew mi ak 10% ci njureefi biir bu kenn laalul.



RÉEWUM LISLAAM BU MURITANI
Sag-Mbokkoo-Yoon
Njëwriñ gi yore koppari réew mi

# Mebat yu mag yu bees

Ay mebat yu mag di nañu tàmbali ci 202, bokk na ci

Mebatu set-setal bu Nuwaaksoot
Mebatu dem-dikk Nuwaksoot-jému 2026
Mebatu tabax ñëtti dencuwaay kaarange, bu nekk mën def 5000m3
Mebatu yokk te aar (AEP) bu kaedi ci amal 2 berabi segg ndox
Mebatu defar ay toogo,ngir ànd ak yokkute njàng mi
Jënd ay jumtu ngir seetu kay (laboratoires) bu njàng mu kawe mi
Mebatu mengaleek li am, ay berab yu dugg bees ci suuf SNDE (chinguitty, Echram Ndiago ak Achemime)
Gêna degaral yooni set-sètal ndoxi taw ci Rooso.






www.finances.gov.mr